Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилье, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 6 (6586) 29 январь 2018 с. Итни Жумадул авал 1439 с. Багьа 5 гъур.



БАРКИ

## Дагъистаналъул халкъияб Собраниялъул вице-спикер СайгидахIмад АхIмадовасе кьуна «ГIагараб ракьалде рокьиялъе гIоло» медаль

**2018 соналъул 25 январалда тIобитIана Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутатазул 16 – абилеб сессия. Гьелъул хIалтIулъ гIахьаллъи гьабуна Дагъистан Республикаялъул бетIерасул ишал тIуразарулев Владимир Васильевас, парламенталъул председатель Хизри ШихсагIидовас, хIукуматалъул нухмалъулев ГIабдусамад ХIамидовас.**

Гьоркьор лъезе росарал киналго суалазул халгьабун хадуб, шапакъатал кьуна республика цебетIезабиялъулъ бутIа лъуразе. Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевас «ГIагараб ракьалде рокьиялъе гIоло» медаль кьуна Халкъияб Собраниялъул председателасул тIоцевесев заместитель СайгидахIмад АхIмадовасе тарихияб «АхIулгохI» мемориалияб комплекс баялъулъ гIахьаллъиялъе гIоло.



«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас гьеб тIадегIанаб шапакъат баркана СайгидахIмад АхIмадовасда.

«ХIурматияв СайгидахIмад СалихIович! Баркула Дагъистан Республика цебетIезабиялъулъ ва тIегьазабиялъулъ лъураб бутIаялъе гIоло дуе кьураб иргадулаб тIадегIанаб шапакъат. 2001-2011 соназда Гумбет районалъул бетIерлъун хIалтIулаго, дуца гIемераб хIалтIи гьабуна гIагараб ракь социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIезабиялъе, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул председателасул тIоцевесев заместительлъун хIалтIулаб заманалдаги дур хIаракатчилъи буссараб буго дагъистаниязе, тIолабго Россиялъе, нилъер регион хадубккунги цебетIезабиялъе гIоло кьеркьеялде, - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

ХАЛКЪАЛЪУЛ УРГЪАЛИДА

## 119 гIарза тIубай, 3 гIанси тIей, рагъулаб учеталда гIолилал лъеялъул ва лъайкьеялъул суалал

### Гумбет районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас тIобитIана данделъи

**22 январалда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас тIобитIана лъайкьеялъул, нухазул магIишаталъул ва цогидал кIвар бугел суалалги гьоркьор лъун, хIалтIулаб совещание.**

Гьенир гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял хъулухъалъул вакилзаби.

Дагъистан Республикаялъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас, анкьил хIасилал гьарулаго, бицана пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабизе 168 чиясе хIажат букIанин, 119 гIарза тIубанин.

«Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас бицана 20 январалда ХIаримагIарда 3 бакIалда гIанси тIун, республикаялъул кIвараралъул «Хасавюрт-Кьохъ» шагъранух гIаздадаса бацIцIад гьабунин ва автотранспорт хьвадулеб бугин.

Лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Муса КъурамухIамадовас абуна Гумбет районалъул школлъималаз физикаялъул, гIурус мацIалъул, искусствоялъул республикаялъулал олимпиадазда гIахьаллъи гьабун, призовиял бакIал ккунилан.



Гумбет районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас кIвар буссинабуна хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул, экстремизмалъул ва терроризмалъул зарал бичIчIинабиялъул рахъалъ гьабулеб бугеб хIалтIуде. Бицана 22-24 январалда байбихьулаб рагъулаб учеталда гIолилал лъеялъул, гьезул медицинаялъулаб халгьаби тIобитIиялъул рахъалъ гьабураб хIалтIул.

Гумбет районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас данделъиялъул хIасилал гьаруна. «Щибаб учреждениялъ, гIуцIиялъ, хъулухъаз ракIбацIцIадго тIубазабизе кко-ла захIматалъулал тIадкъаял. Районалда аслиял бутIабазул цояблъун ккола лъайкьей. Школлъималазе лъайкьей, тарбия, дунялалдехун, гIумруялдехун лъикIаб бербалагьи гьезулъ куцай камилго гIуцIизе бажариялда бараб буго нилъер букIинесеб. Лъай ва тарбия кьеялдехун агъаз гьечIеб бербалагьи гьабизе бегьуларо. ГIолеб гIел лъикIал гIамалазде, цоцалъ вацлъиялда, гьудуллъиялда рукIинедухъ куцазе кко-ла», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Данделъиялда гьоркьор лъурал суалазда хурхун къабул гьаруна дандрекъон кколел хIукмаби.

**«Гумбет» РИО**

2018 СОНАЛЪУЛ 18 МАРТ – РОССИЯЛЪУЛ ПРЕЗИДЕНТ ВИЩУЛЕБ КЪО

## Россиялъул президент вищиялде мухIканаб хIадурлъи

### Рищиязда цересел данделъаби тIоритIана Игьалир ва МельелтIа

**17 январалда Гумбет районалъул Игьали росдал администрациялда тIобитIана Россиялъул президент вищизе рищиял тIоритIиялде хIадурлъиялъул суалгун данделъи.**

(Ахир - 2 аб. гьумералда)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Россиялъул президент вищиялде мухIканаб хIадурлъи
-2 гьум.




«Цогояб пачалихъияб экзамен, умумуз гуреб, лъималаз кьола»
-2 гьум.



2018 соналъул 18 марталда рищиязда гьаркьал кьеялда цIиял хиса-басиял
-2 гьум.

Бюджеты сельских поселений Гумбетовского района на 2018 год
-3 - 4 стр.

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

# Хъизан-лъималазул тIалаб тIобитIулаго...

### 2018 соналъул 1 январалдаса хIалтIизе лъугьана цIияб закон

**2017 соналъул 28 декабралда къватIибе бачIана «Лъимал ругел хъизаназе щибаб моцIалъ гIарац (выплата) кьеялъул хIакъалъулъ» № 418 Федералияб Закон. Гьеб хIалтIизе лъугьана 2018 соналъул 1 январалдаса. № 418 ФЗялда рекъон, Россиялъул хIукуматалъ щула гьабулеб буго хъизаналъул бюджет ва тIуразарулел руго демографиялъулги халкъалъул рукIа-рахьин лъикIлъизабиялъулги масъалаби.**

Законалда рекъон, тIоцебесеб лъимер гьабун бугони, 2018 соналъул 1 январалдаса хадуб, гьеб лъимадуе чIезабула гIарцул сурсат - выплата. ТIоцебесеб лъимадуе гьеб гIарац кьезе буго социалияб хьезариялъул идараялъ. Гьебго законалда рекъон, 2018 соналъул 1 январалдаса хадуб гьабураб кIиабилеб лъимадуе выплата кьезе буго районалда бугеб пенсионнияб фондалъул идараялъ. КIиабилеб лъимадуе гьеб гIарац кьезе бихьизабун буго эбелалъул капиталалъул сертификаталда цадахъ. Законалда рекъон, кIиабилеб лъимералъе выплата кьола эбелалъул капиталалда бихьизабураб гIарцул къадаралда тIасан, хадуб рехсараб пункталда рекъон: «2006 соналъул 29 декабралда къабул гьабураб № 256 ФЗялда рекъон чIезабураб эбелалъул (хъизаналъул) капитал щибаб моцIалъ дагьлъизабула кIиабилеб лъимер гьабиялда (васлъун, яслъун гьабиялда) бан, выплатаялъе кьолеб гIарцул къадаралъ. Федералияб законалъул п. 11, статья 3 (№ 418 ФЗ, 2017 соналъул 28 декабрь).

ГIарац щвезе ккани, эбелалъ пенсионнияб фондалде кьезе ккола гIарза, цадахъ гьал хадур рехсарал документалгун:

1. эбелалъул паспорт (кIиябго лъимер тIад хъвараб);
2. кIиябго лъимадул свидетельстваби;
3. эбелалъул СНИЛС;
4. эбелалъули инсулги харж-мухьалъул, пособиялъул, пенсиялъул, стипендиялъул справкаби, жинда жанибги гIарза хъвараб моцIалда цебесеб 12 моцIалъ щвараб гIарцул къадар бихьизабурал;
5. гIарац рехизе эбелалъ банкалда рагьараб счеталъул реквизитал;
6. эбелалъул паспорталда росасулгун ЗАГС гьабиялъул штамп гьечIони – ЗАГС гьабиялъул свидетельство.

**Лъазе кколел баянал:**

1. выплата кьола лъимералъ 1,5 сон базегIан;
2. гIарза хъвала цо соналъе, кIиабизе гIарза хъвазе ккола, лъимералъ цо лъагIел тIубарабго;
3. лъимер гьабун 6 моцIалда жаниб ОПФРалде гIарза хъвани, кьечIел цересел моцIазул выплатабиги кьола, 6 моцI тIасан ани, гIарза хъвараб моцIалдаса кьола;
4. справкабазда рекъон, халгьабула гьоркьохьеб хIисабалда хъизамалда цо рухIалъе щолеб доходалъул, гIумру гьабизе хIажалъулеб гIарцул къадаралдаса (прожиточный минимум) гьеб доход 1,5 нухалъ цIикIкIунеб бугони, выплата кьоларо;
5. гIарза хъвачIого, выплата кьоларо;
6. лъимер гьабун 1,5 лъагIел индал, гIарза къабул гьабуларо;
7. 2018 соналъе выплатаялъул къадар – 9774 гъурущ.

**ТIалхIат Жамалудинов,
Россиялъул Пенсиязул фондалъул Бакълъулазул ракьалда бугеб гIуцIиялъул нухмалъулев**

# Россиялъул президент вищиялде мухIканаб хIадурлъи



**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.) Гьенир гIахьаллъана Гумбет районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиев, районалъул территориалияб рищиязул комиссиялъул председатель ГIабдулмажид Амагаев, ТИКалъул хIалтIухъан Шамсудин Шамсудинов, хьиндаллъиялъул зонаялъул поселениязул бутIрул, росабазул рищиязул комиссиязул хIалтIухъаби ва цогидалги.**

Данделъи рагьана ва бачана районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевас.

«Россиялъул президент вищиялде мухIканаб хIадурлъи гьабизе ккола. КIудияб политикияб лъугьа-бахьинлъун ккола Верховнияв главнокомандующий, улкаялъул жанисеб ва къватIисеб политикаялъул жаваб кьолев, нилъер жамгIият хадубккун цебетIеялъул нухал рихьизарулев пачалихъияв бетIер вищи. Росабазул бутIруз гIадамазда гьоркьоб хIалтIи лъикI гIуцIиялде, рищиязул участкабазе рукъзал хIадуриялде, избирателазул сияхIал мухIкан гьариялде, 2018 соналъул 18 марталде кинабго рахьалъулаб хIадурлъи букIинабиялде кIвар кьезе ккола. Рищиязда президентасе гьаркьал кьезе гIадамазе кинални шартIал гIуцIизе ккола», - ян абуна Рамазан АхIмаднабиевас.

Гумбет районалъул ТИКалъул председатель ГIабдулмажид Амагаевас поселениязул бутIрузда ва росабазул рищиязул комиссиязул хIалтIухъабазда ричIчIизаруна рищиязде хIадурлъулаго ва гьел тIоритIулаго тIуразаризе кколел ишал.

Шамсудин Шамсудиновас ИгьалигьоркьохъебшколалъулкомпьютеразулклассалдакиналгогIахьаллъараздабичIчIизабунарищиязулкьоялъпротоколцIезабулебкьагIидаваоцогидабги.

**«Гумбет» РИО**

* * *

**18 январалда Гумбет районалъул МелъелтIа росулъ тIасияб зонаялъул поселениязул бутIрул, росабазул рищиязул комиссиязул хIалтIухъаби гIахьал гьарун, тIобитIана Россиялъул президент вищиялде хIадурлъиялъул суалгун данделъи.**

Данделъи бачана Гумбет районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевас.

«Россиялъул президент вищулеб рищи районалда тIадегIанаб даражаялда тIобитIизе ккола. Гьаб соналъ рищиязул системаялда цIияб хиса-басиял гьарун руго. Лъайхъвай гьабизе ккола гьел хиса-басиязулгун», - ян абуна Рамазан АхIмаднабиевас.



ГIабдулмажид Амагаевас бицана рищиязул комиссиязул члеказе рукъзал, гьаркьал кьолел бакIал хIадуризе ккеялъул, сияхIал хIадуриялъе хIалтIулал группаби гIуцIизе ккеялъул ва цогидалги масъалабазул.

Данделъиялъул ахиралда Шамсудин Шамсудиновас тIадчIей гьабуна рищиял программабаздалъун хьезариялъулъ ругел техническиял хисабасиязда.

**«Гумбет» РИО**

# 2018 соналъул 18 марталда рищиязда гьаркьал кьеялда цIияб хиса-басиял

**2018 соналъул 18 марталда Россиялъул Президент вищиялъул рищиял ине руго цIияб къагIидабазда рекъон – открепительнияв удостоверениял гьечIого ва болжал щвелелде гьаркьал кьечIого. Гьел хисун, тIобитIизе буго «ругел бакIазда гьаракь кьей». Кин гьаракь кьезе бугеб цоги бакIалде сапар гьабураз?**

РачIине бегьула цереккунго МФЦялде, кьезе ккола гIарза бюллетень рехизе бугеб рищиялъул участок ва бакI бихьизеги гьабун. Избирателасда участкаялъул номер батизе буго ЦИКалъул сайталда лъураб интерактивияб картаялда. Жиндирго участкаялъул номер лъан хадуб, избирателас кьезе ккола гIарза, цIияб бакIалда гьаракьалъе рес щвезелъун. Киналго гIарзаби росула автоматикияб къагIидаялъун ГАС «Рищиял» системаялде.

Районалъул территориалияб рищиязул комиссиялъул, участковиял рищиязул комиссиязул, «пачалихъиял хъулухъазул» порталалъул хъулухъалдаса пайда босун гуребги, гIемерфункциялъулаб централъул Гумбет районалда бугеб филиалалдеги кьезе бегьула хъвай-хъвагIай гьабураб бакIалдаса рищиязул кьоялъ доре-гьанире ине ругел гIадамаз гIарзаби. ГIарзаби къабул гьаризе байбихьула МФЦялъул филиалалде 31 январалда ва 12 марталда гьоркьоб къотIизабула.

УИКалде ва ТИКалде гIарзаби кьолез рищиял тIоритIизе 20 къо хутIидал, 25 февралалдаса байбихьула гьеб ишалда ва лъугIизе тола 12 марталда. Нагагь документаздалъун мухIкан гьабизе кколеб хIал бугони, рес кьола хасаб гIарза кьезе 2018 соналъул 13-17 мартида (сагIат 14:00 тIубазегIан).

**«Гумбет» РИО**

ГIУМРУДУЛ ДАРСАЛ

# «Цогояб пачалихъияб экзамен, умумуз гуреб, лъималаз кьола»

### ЕГЭ ва ОГЭ кьезе хIадуриялъул бицараб умумузул данделъи

**22 январалда Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Бакълъулазул районалъул централъул залалда тIобитIана 2018 соналъул ЕГЭялде ва ОГЭялде хIадурлъиялда хурхун суал гьоркьоб лъураб цIалдохъабазул умумузул гIаммаб данделъи.**

Гьеб данделъиялда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, Дагъистаналъул лъайкьей цебетIезабиялъул институталъул школазда цебесеб лъайкьеялъул кафедраялъул нухмалъулесул ишал тIуразарулей Залиха Идрисова, районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIманов, гьесул заместитель Муса КъурамухIамадов, школазул нухмалъулел, 9-11 классазул выпускникал, гьезул умумул.

Данделъи рагьана районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас. «Цогояб пачалихъияв ва аслиял пачалихъиял экзаменазул хIасилаз кьимат кьола, цIалдохъабазул гуребги, мугIалимзабазул ва умумузул хIалтIуеги. Нилъер аслияб масъалалъун ккола 2018 соналъул ЕГЭ ва ОГЭ кьей тIадегIанаб даражаялда ва гIуцIа-къан тIобитIи. Гьеб ккола нилъер лъималазул гIумруялъул жавабияб заман. ЦIалул сон лъугIине хутIараб дагьабго заманалдаса мунпагIат кьоледухъ пайда босун, экзаменазде мухIканаб хIадурлъи гьабун, гьел лъикI тIоритIиялде кIвар кьезе ккола», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Дагъистаналъул лъайкьей цебетIезабиялъул институталъул школазда цебесеб лъайкьеялъул кафедраялъул нухмалъулесул ишал тIуразарулей Залиха Идрисовалъ бицана 2018 соналда ЕГЭ ва ОГЭ тIобитIиялъул низамалъул. 2017 ва цересел соназдa ЕГЭ ва ОГЭ тIобитIулаго, ккарал гIунгутIабазул бицана экзамен кьолеб пункталъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевас.

Гьебго темаялда кIалъай гьабуна районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Муса КъурамухIамадовас.

Данделъиялда гIахьаллъаразул суалазе жавабал кьуна Залиха Идрисовалъ ва Муса КъурамухIамадовас.

ЦIалул заведениязде лъугьунаго, выпускниказ кьурал ГТОялъул нормабаз гIаммал баллал рорхизаризе рукIиналъул хIакъалъулъ бицана Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурмухIамад МухIамадовас.

**ГIайшат Исламбиева**

ДОКУМЕНТЫ

# Бюджеты сельских поселений

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет "Мехельтинский"»

### Решение:

от 29 декабря 2017 г. № 13

Утвердить бюджет сельского поселения «Сельсовет "Мехельтинский"» на 2018 год в размере 6399,0 рублей, и плановый период на 2019 год в размере 5246,0 рублей, на 2020 год в размере 5068,0 рублей.

**а) Доходы:**

| | **2018 г.** | **2019 г.** | **2020 г.** |
|---|---|---|---|
| Дотация | 4502,0 | 3662,0 | 3479,0 |
| Субвенция | 138,0 | 139,0 | 144,0 |
| Субсидия | 329,0 | | |
| Собственные доходы | 1430,0 | 1445,0 | 1445,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 769,0 | 784,0 | 784,0 |
| ЕСХН | 12,0 | 12,0 | 12,0 |
| Земельный налог | 519,0 | 519,0 | 519,0 |
| Имущественный | 130,0 | 130,0 | 130,0 |
| **ИТОГО:** | **6399,0** | **5246,0** | **5068,0** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 2445,0 | 2418,0 | 2405,0 |
| б) | МКУК | 875,0 | 738,0 | 741,0 |
| в) | ВУС | 138,0 | 139,0 | 144,0 |
| г) | Доплата к пенсии | 83,0 | 83,0 | 83,0 |
| д) | Ф/К и спорт | 57,0 | 57,0 | 57,0 |
| ж) | Молодежная политика | 34,0 | 34,0 | 34,0 |
| з) | ЖКХ (благоустройство) | 2438,0 | 1777,0 | 1604,0 |
| и) | Резервный фонд | 329,0 | | |
| | **ИТОГО:** | **6399,0** | **5246,0** | **5068,0** |

**Председатель сельского Собрания М. А. Абдунасиров**

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет "Цилитлинский"»

### Решение:

от 30 декабря 2017 г. № 83

**Собрание депутатов постановляет:**

Утвердить бюджет сельского поселения «Сельсовет "Цилитлинский"» на 2018 год и на плановый период 2019 и 2020 годов.

**1. Доходная часть**

тыс. руб

| **Вид доходов** | **2018 г.** | **2019 г.** | **2020 г.** |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2257 | 1816,0 | 1725 |
| Налог на доходы физических лиц | 24 | 24 | 25 |
| Налог на имущество физических лиц | 41 | 41 | 41 |
| Земельный налог | 183 | 183 | 183 |
| Единый сельхозналог | 3 | 3 | 3 |
| Субвенция | 76 | 76 | 76 |
| Субсидия | 161 | | |
| **ВСЕГО:** | **2745,0** | **2143,0** | **2056** |

**2. Расходная часть**

| **Вид расходов** | **2018 г.** | **2019 г.** | **2020 г.** |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 1656 | 1322 | 1235 |
| Учреждения культуры | 663 | 670 | 665 |
| ВУС | 70 | 70 | 70 |
| ЖКХ (благоустройство) | 290 | 50 | 50 |
| Молодежная политика | 30 | 10 | 15 |
| ФК и спорт | 30 | 15 | 15 |
| ЗАГС | 6 | 6 | 6 |
| **ВСЕГО:** | **2745,0** | **2143,0** | **2056,0** |

**Председатель собрания А. И. Давудгаджиев**

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет "Арадирихский"»

### Решение:

от 30 декабря 2017 г. № 8

Утвердить бюджет сельского поселения «Сельсовет "Арадирихский"» на 2018 год в размере 3022 тыс. рублей, и плановый период на 2019 год в размере 2831 тыс. рублей, на 2020 год в размере 2835 тыс. рублей.

**а) Доходы:**

| | **2018 г.** | **2019 г.** | **2020 г.** |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2660,0 | 2656,0 | 2656,0 |
| Субвенция | 75,0 | 75,0 | 78,0 |
| Собственные доходы | 100,0 | 100,0 | 101,0 |
| Субсидия | 187,0 | | |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 19,0 | 19,0 | 20,0 |
| ЕСХН | | | |
| Земельный налог | 52,0 | 52,0 | 52,0 |
| Имущественный | 29,0 | 29,0 | 29,0 |
| **ИТОГО:** | **3022,0** | **2831,0** | **2835,0** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 1496,0 | 1496,0 | 1496,0 |
| б) | МКУК | 634,0 | 587,0 | 587,0 |
| в) | ВУС | 70,0 | 70,0 | 70,0 |
| г) | Доплата к пенсии | 97,0 | 97,0 | 97,0 |
| д) | Ф/К и спорт | 26,0 | 26,0 | 26,0 |
| ж) | Молодежная политика | 13,0 | 13,0 | 13,0 |
| з) | ЖКХ (благоустройство) | 494,0 | 537,0 | 541,0 |
| и) | ЗАГС | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| к) | Резервный фонд | 187,0 | | |
| | **ИТОГО:** | **3022,0** | **2831,0** | **2835,0** |

**Председатель сельского Собрания К. А. Шапиев**

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Чирката»

### Решение № 12

от «29 » декабря 2017 г. село Чирката

Собрание депутатов постановляет:

Утвердить бюджет сельского поселения «Село Чирката» на 2018 год и на плановый период 2019 и 2020 годов.

**1. Доходная часть.**

| **Вид доходов** | **2018 г.** | **2019 г.** | **2020 г.** |
|---|---|---|---|
| Дотация | 1692,0 | 1374,0 | 1308,0 |
| Налог на доходы физических лиц | 44,0 | 45,0 | 46,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 88,0 | 88,0 | 88,0 |
| Земельный налог | 313,0 | 313,0 | 313,0 |
| Неналоговые доходы | 600,0 | 600,0 | 600,0 |
| Субвенция | 69,0 | 69,0 | 71,0 |
| Субсидия | 168,0 | - | |
| **ВСЕГО:** | **2974,0** | **2489,0** | **2425,0** |

**2. Расходная часть**

| **Вид расходов** | **2018 г.** | **2019 г.** | **2020 г.** |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 2051,0 | 1692,0 | 1709,0 |
| Учреждения культуры | 440,0 | 418,0 | 388,0 |
| ВУС | 61,0 | 61,0 | 63,0 |
| ЖКХ (благоустройство) | 324,0 | 220,0 | 167,0 |
| Молодежная политика | 10,0 | 10,0 | 10,0 |
| ФК и спорт | 20,0 | 20,0 | 20,0 |
| ЗАГС | 8,0 | 8,0 | 8,0 |
| Доплата к пенсии | 60,0 | 60,0 | 60,0 |
| **ВСЕГО:** | **2974,0** | **2489,0** | **2425,0** |

**Председатель сельского Собрания Х. Д. Магомедов**

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет "Игалинский"»

### Решение:

от 30 декабря 2017 г. № 04

Утвердить бюджет СП «Сельсовет "Игалинский"» на 2018 год в размере 5668,0 тыс. руб., и плановый период на 2019 год в размере 4422,0 тыс.рублей, на 2020 год в размере 4239,0 тыс. рублей.

**а) Доходы:**

| | **2018 г.** | **2019 г.** | **2020 г.** |
|---|---|---|---|
| Дотация | 4679,0 | 3765,0 | 3576,0 |
| Субвенция | 136,0 | 137,0 | 141,0 |
| Субсидия | 334,0 | | |
| Собственные доходы | 519,0 | 552,0 | 522,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 86,0 | 87,0 | 89,0 |
| ЕСХН | | | |
| Земельный налог | 279,0 | 279,0 | 279,0 |
| Имущественный | 154,0 | 154,0 | 154,0 |
| **ИТОГО:** | **5668,0** | **4422,0** | **4239,0** |

**(Продолжение - на 4 странице)**

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Килятль»

### Решение:

от 30 декабря 2017 г. № 8

Утвердить бюджет «Село Килятль» на 2018 год в размере 1969,0 тыс. рублей, и плановый период на 2019 год в размере 1524,0 тыс.рублей, на 2020 год в размере 1460,0 тыс. рублей.

**а) Доходы:**

| | **2018 г.** | **2019 г.** | **2020 г.** |
|---|---|---|---|
| Дотация | 1660,0 | 1336,0 | 1269,0 |
| Субвенция | 65,0 | 65,0 | 67,0 |
| Субсидия | 121,0 | | |
| Собственные доходы | 123,0 | 123,0 | 124,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 15,0 | 15,0 | 16,0 |
| ЕСХН | | | |
| Земельный налог | 46,0 | 46,0 | 46,0 |
| Имущественный | 62,0 | 62,0 | 62,0 |
| **ИТОГО:** | **1969,0** | **1524,0** | **1460,0** |

**б) Расходы по учреждениям:**

а) Аппарат управления 1367 1094,0 1049,0

б) МКУК 391,0 325,0 325,0

**(Продолжение - на 4 странице)**

ДОКУМЕНТЫ

# Бюджеты сельских поселений

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет "Игалинский"»

(Начало - на 3 странице)

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 2126,0 | 1548,0 | 1447,0 |
| б) | МКУК | 1298,0 | 1298,0 | 1298,0 |
| в) | ВУС | 121,0 | 122,0 | 126,0 |
| г) | ЗАГС | 15,0 | 15,0 | 15,0 |
| д) | Ф/К и спорт | 100,0 | 70,0 | 70,0 |
| ж) | Молодежная политика | 50,0 | 50,0 | 50,0 |
| з) | ЖКХ (благоустройство) | 1710,0 | 1093,0 | 1005,0 |
| е) | Доплата к пенсии | 148,0 | 148,0 | 148,0 |
| ж) | Резервный фонд | 100,0 | 80,0 | 80,0 |
| | **ИТОГО:** | **5668,0** | **4422,0** | **4239,0** |

**Председатель сельского Собрания Г. Н. Магомедов**

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Читль»

**от 29 декабря 2017 г. № 9**

Бюджет СП «Село Читль» на 2018 год и на плановый период 2019 и 2020 годов

Бюджет обсужден и принят на сессии Собрания депутатов СП «Село Читль» 29 декабря 2017г.

**Сессия Собрания депутатов постановляет:**

1. Утвердить бюджет на 2018 год и на плановый период 2019 и 2020 г.г.

**Доходы**

| № п.п | Вид доходов | 2018 г. | 2019 г. | 2020 г. |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Дотация | 1510 | 1215 | 1154 |
| 2 | Субвенция | 62 | 62 | 64 |
| 2.1 | В том числе: ВУС | 61 | 61 | 63 |
| 2.2 | ЗАГС | 1 | 1 | 1 |
| 3 | Субсидии | 111 | | |
| 4 | Собственные доходы | 37 | 37 | 37 |
| 4.1 | В том числе НДФЛ | 10 | 10 | 10 |
| 4.2 | Налог на имущество физ. лиц | 9 | 9 | 9 |
| 4.3 | Земельный налог | 18 | 18 | 18 |
| | **Всего доходов** | **1720** | **1314** | **1255** |

**Расходы**

| № п.п | Вид расходов | 2018 г. | 2019 г. | 2020 г. |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Администрация | 117 | 957 | 920 |
| 2 | ВУС | 61 | 57 | 57 |
| 3 | ЗАГС | 1 | 1 | 1 |
| 4 | Благоустройство | 154 | 21 | 21 |
| 5 | Молодежная политика | 9 | 7 | 6 |
| 6 | Культура | 325 | 222 | 209 |
| 7 | Доплата к пенсии | 36 | 36 | 29 |
| 8 | Физкультура и спорт | 17 | 13 | 12 |
| | **Всего расходов** | **1720** | **1314** | **1255** |

**Председатель Собрания депутатов СП «Село Читль» А. М. Алиев**

ВРЕМЕНА И ДОРОГИ

## Оперативно-профилактическая операция «Маршрутка»

**Согласно приказа МВД по РД № 126 от 20.01.2018 г. как и на территории Республики Дагестан и на территории Гумбетовского района с 24.01. по 30.01.2018 года проводится оперативно-профилактическая операция «Маршрутка».**

ОГИБДД ОМВД России по Гумбетовскому району проводит работу по проверке технических средств, осуществляющих перевозки пассажиров, на предмет их технического состояния, наличия разрешительных документов, страховок, путевых листов, прохождения медицинского обследования водителями перед выходом на линию. Также проводится работа, направленная на выявление фактов управления пассажироперевозящим транспортным средством с техническими неисправностями, переоборудованными в нарушение установленных требований, особенно установлению лишних сидений и незаконной установки газового оборудования.

Проводимой работе особое внимание уделяется на выявление нарушений правил перевозки пассажиров, в том числе перевозке детей без специальных удерживающих устройств.

Водителям необходимо знать, что нарушения правил дорожного движения, превышения скоростного режима автотранспортом, занятым в сфере перевозки пассажиров, могут приводить к резонансным дорожно-транспортным происшествиям, с тяжкими последствиями, ибо в Ваших руках жизнь и здоровье граждан.

**Зулпар Магомедов,**
**и.о. начальника ОМВД России по Гумбетовскому району,**
**капитан полиции**

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Килятль»

(Начало - на 3 странице)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| в) | ВУС | 61,0 | 61,0 | 63,0 |
| г) | ЗАГС | 4,0 | 4,0 | 4,0 |
| д) | Ф/К и спорт | 17,0 | 13,0 | 13,0 |
| ж) | Молодежная политика | 8,0 | 7,0 | 6,0 |
| з) | ЖКХ (благоустройство) | 121,0 | 20,0 | 0 |
| | **ИТОГО:** | **1969,0** | **1524,0** | **1460,0** |

**Председатель сельского Собрания А. Т. Каримов**

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Нижнее Инхо»

**от 30 декабря 2017 г. № 8**

**Бюджет СП «Село Нижнее Инхо» на 2018 год и на плановый период 2019, 2020 годов**

Бюджет обсужден и принят на сессии Собрания депутатов СП «Село Нижнее Инхо» 30 декабря 2017 г.

**Сессия Собрания депутатов постановляет:**

1. Утвердить бюджет на 2018 год и на плановый период 2019 и 2020 г. г.

| № п.п | Вид доходов | 2018 г. | 2019 г. | 2020 г. |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Дотация | 2146 | 1728 | 1641 |
| 2 | Субвенция | 66 | 66 | 68 |
| 2.1 | В том числе: ВУС | 61 | 61 | 63 |
| 2.2 | ЗАГС | 5 | 5 | 5 |
| 3 | Субсидия | 155 | | |
| 4 | Собственные доходы | 236 | 237 | 237 |
| 4.1 | В том числе: НДФЛ | 38 | 39 | 39 |
| 4.2 | Налог на имущество физ. лиц | 49 | 49 | 49 |
| 4.3 | Земельный налог | 149 | 149 | 149 |
| | **Всего доходов** | **2603** | **2031** | **1946** |

**РАСХОДЫ**

| № п.п | Вид расходов | 2018 г. | 2019 г. | 2020 г. |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Администрация | 1634 | 1320 | 1295 |
| 2 | ВУС | 61 | 61 | 63 |
| 3 | ЗАГС | 5 | 5 | 5 |
| 4 | Благоустройство | 415 | 262 | 217 |
| 5 | Молодежная политика | 13 | 10 | 10 |
| 6 | Культура | 412 | 319 | 303 |
| 7 | Доплата к пенсии | 33 | 33 | 33 |
| 8 | Физкультура и спорт | 30 | 21 | 20 |
| | **Всего расходов** | **2603** | **2031** | **1946** |

**Председатель Собрания депутатов СП «Село Нижнее Инхо» А. А. Гамзатов**

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Верхнее Инхо»

**от 30 декабря 2017 г. № 05**

Утвердить бюджет МО «Село Верхнее Инхо» на 2018 год в размере 2068,0 рублей, и плановый период на 2019 год в размере 1588,0 рублей, на 2020 год в размере 1518,0рублей.

| **Доходы:** | **2018 г.** | **2019 г.** | **2020 г.** |
|---|---|---|---|
| Дотация | 1802,0 | 1451,0 | 1378,0 |
| Субвенция | 65,0 | 65,0 | 67,0 |
| Субсидия | 129,0 | 0,0 | 0,0 |
| Собственные доходы | 72,0 | 72,0 | 73,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 16,0 | 16,0 | 17,0 |
| ЕСХН | | | |
| Земельный налог | 36,0 | 36,0 | 36,0 |
| Имущественный | 20,0 | 20,0 | 20,0 |
| **ИТОГО:** | **2068,0** | **1588,0** | **1518,0** |
| **Расходы по учреждениям:** | | | |
| а) Аппарат управления | 1271,0 | 1160,0 | 1150,0 |
| б) МКУК | 243,0 | 184,0 | 130,0 |
| в) ВУС | 61,0 | 61,0 | 61,0 |
| г) ЗАГС | 4,0 | 4,0 | 4,0 |
| д) Ф/К и спорт | 15,0 | 15,0 | 15,0 |
| ж) Молодежная политика | 7,0 | 7,0 | 7,0 |
| з) ЖКХ (благоустройство) | 467,0 | 157,0 | 151,0 |
| **ИТОГО:** | **2068,0** | **1588,0** | **1518,0** |

**Председатель сельского Собрания М. М. Магомедов**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорк
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1145
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.